

**FÒM SA A LA SÈLMAN POU BAY ENFÒMASYON.  
PA RANPLI LI. SE PA YON APLIKASYON.**

## **Aplikasyon pou yon Kat Social Security (Sekirite Sosyal)**

### **Aplikasyon pou Kat Social Security (Sekirite Sosyal) gratis!**

#### **ITILIZE APLIKASYON SA A POU :**

- Aplike pou yon kat Social Security (Sekirite Sosyal) orijinal
- Aplike pou yon kat Social Security (Sekirite Sosyal) ranplasman
- Chanje oswa korije enfòmasyon sou dosye nimewo Social Security (Sekirite Sosyal) ou

**ENPÒTAN :** Ou DWE bay yon aplikasyon ki byen ranpli ak prèw ki nesèsè yo anvan nou kapab trete li aplikasyon w lan. Nou kapab sèlman aksepte dokiman orijinal oswa dokiman ki sètifye pa gadyen dosye orijinal la. Kopi notarye oswa fotokopi ki pa sètifye pa gadyen dosye a pa akseptab. N ap retounen nenpòt dokiman ki soumèt ak aplikasyon w lan. Pou asistans, rele nou nan 1-800-772-1213 oswa vizite sitwèb nou an nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov).

#### **Kat Social Security (Sekirite Sosyal) Orijinal**

Pou aplike pou yon kat orijinal, ou dwe bay omwen de (2) dokiman pou pwouve laj, idantite, ak sitwayènte Ameriken oswa estati imigrasyon legal ki gen otorizasyon pou travay. Si ou pa yon sitwayen Ameriken epi ou pa gen otorizasyon travay DHS ou dwe pwouve ou gen yon rezon valab ki pa travay pou kapab mande yon kat. Gade nan paj 2a pou yon eksplikasyon sou dokiman ki akseptab yo.

**REMAK :** Si ou gen 12 an oswa plis epi ou pa janm resevwa yon nimewo Social Security (Sekirite Sosyal), ou dwe aplike an pèsòn.

#### **Ranplasman Kat Social Security (Sekirite Sosyal)**

Pou aplike pou yon kat ranplasman, ou dwe bay yon dokiman pou pwouve idantite w. Si ou te fèt andeyò peyi Etazini, ou dwe bay dokiman tou pou pwouve sitwayènte Ameriken ou oswa sityasyon aktyèl ou legal, otorizasyon pou travayou. Gade paj nan 2 pou yon eksplikasyon sou dokiman ki akseptab yo.

#### **Chanje enfòmasyon sou dosye Social Security (Sekirite Sosyal) ou**

Pou chanje enfòmasyon ki sou dosye nimewo Social Security (Sekirite Sosyal) ou (sa vle di, yon non oswa yon chanjman sitwayènte, oswa korije dat nesans) ou dwe bay dokiman pou pwouve idantite w, sipòte chanjman yo mande a, epi detèmine rezon chanjman yo. Pa egzanp : ou ka bay yon batistè pou montre bon dat nesans ou. Yon dokiman ki sipòte yon chanjman non dwe resan epi idantifye w pa ansyen ak nouvo non w. Si sa gen plis pase de (2) ane depi w chanje non oswa si dokiman non w chanje ladan l lan pa gen ase enfòmasyon pou pwouve idantite w, ou dwe bay dokiman pou pwouve idantite w tou sou non ou avan ak/oswa nan kèk ka nouvo non legal ou. Si ou te fèt andeyò peyi Etazini ou dwe bay yon dokiman pou pwouve sitwayènte Ameriken ou oswa sityasyon legal ou oswa otorizasyon pou travay ou. Gade nan paj 2 pou yon eksplikasyon sou dokiman ki akseptab yo.

#### **LIMIT SOU RANPLASMAN KAT SOCIAL SECURITY (SEKIRITE SOSYAL)**

Lwa Piblik 108-458 limite kantite ranplasman kat Social Security (Sekirite Sosyal) ou ka resevwa a 3 pa ane sivil ak 10 pandan tout lavi w. Kat yo bay pou reflète chanjman nan non legal ou oswa chanjman nan yon lejand otorizasyon travay pa konte nan limit sa yo. Nou ka fè eksepsyon nan limit sa yo tou si ou bay prèw ki soti nan yon sous ofisyèl pou detèmine yon kat Social Security (Sekirite Sosyal) obligatwa.

#### **SI OU GEN KESYON**

Si w gen nenpòt kesyon sou fòm sa a oswa sou dokiman prèw ou dwe bay yo, tanpri vizite sitwèb nou an nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) pou plis enfòmasyon anvan ak kote biwo ak Sant Kat Social Security (Sekirite Sosya) yo. Ou ka rele Social Security (Sekirite Sosyal) tou nan 1-800-772-1213. Ou ka jwenn biwo ki pi pre w la oswa Sant Kat la nan liv telefòn lokal ou a tou.

PA RANPLI LI. SE PA YON APLIKASYON.
-------------------------------------

---

### BAY PRÈV DOKIMAN

---

Lis sa yo se egzanp sou kalite dokiman ou dwe bay ak aplikasyon w lan men li pa konplè. Rele nou nan 1-800-772-1213 si ou pa kapab bay dokiman sa yo.

**ENPÒTAN:** Si w ap ranpli aplikasyon sa a nan non yon lòt moun, ou dwe bay prèv ki montre otorite w pou siyen aplikasyon an ansanm ak dokiman pou pwouve idantite w ak idantite moun w ap ranpli aplikasyon pou li `an. Nou kapab sèlman aksepte dokiman orijinal oswa dokiman ki sètifye pa gadyen dosye orijinal la. Kopi notarye oswa fotokopi ki pa sètifye pa gadyen dosye a pa akseptab.

#### Prèv laj

An jeneral, ou dwe bay batistè w. Nan kèk sitiyasyon, nou ka aksepte yon lòt dokiman ki montre laj ou. Kèk nan lòt dokiman nou ka aksepte yo se :

- Dosye lopital Eetazini sou nesans ou (ki te kreye nan moman nesans la)
- Dosye relijye ki te fèt i anvan laj senkan (5) ki montre laj oswa dat nesans ou
- Paspò
- Dekrè Adopsyon Final (dekrè adopsyon an dwe montreenfòmasyon sou lè w te fèt yo soti nan batistè orijinal la)

#### Prèv Idantite

Ou dwe bay prèv idantite aktyèl sou non legal ou ki poko ekspire. Non legal ou ap sou kat Social Security (Sekirite Sosyal) la. An jeneral, nou prefere wè dokiman yo bay nan peyi Etazini. Dokiman ou soumèt pou etabli idantite yo dwe gen non legal ou AK bay enfòmasyon biyografik (dat nesans, laj oswa non paran ou) **ak/oswa** enfòmasyon fizik(foto, oswa deskripsyon fizik - wotè, koulè je ak cheve, elatriye). Si ou voye yon foto dokiman idantite men se pa ou ki pote l vini, dokiman an dwe gen enfòmasyon biyografik ou (pa egzanp : dat nesans, laj oswa non paran ou). An jeneral, dokiman ki pa gen dat ekspirasyon yo ta dwe te fèt pandan de (2) ane ki sot pase yo pou granmoun ak nan kat (4) ane ki sot pase yo pou timoun yo.

Kòm prèv idantite w, ou dwe bay yon :

- Lisans chofè Etazini ; oswa
- Kat idantite ki pa pou chofè Eta Ameriken an bay ; oswa
- Paspò Ameriken.

Si ou pa gen youn (1) nan dokiman ki anwo yo oswa ou pa ka jwenn yon ranplasman nan 10 jou travay, nou ka aksepte lòt dokiman ki gen non legal ak enfòmasyon biyografik ou, tankou yon kat idantite militè Ameriken, Sètifika Natiralizasyon, kat idantifikasyon pou anplwaye, kopi sètifye dosye medikal (klinik, doktè oswa lopital), kat asirans sante, kat Medicaid, oswa kat idantite/dosye lekòl la. Pou timoun piti, nou ka aksepte dosye medikal (klinik, doktè, oswa lopital) founisè medikal la kenbe. Nou ka aksepte tou yon dekrè adopsyon final, oswa yon kat idantite lekòl la, oswa lòt dosye lekòl la kenbe.

Si ou pa yon sitwayen Ameriken, nou dwe wè dokiman imigrasyon Ameriken ou an (yo) ak paspò etranje w ak enfòmasyon biyografik oswa foto.

**NOU PA KAPAB AKSEPTE BATISTÈ, SOUVNI BATISTÈ LOPITAL LA BAY, SOUCH KAT SOCIAL SECURITY (SEKIRITE SOSYAL) OSWA DOSYE SOCIAL SECURITY (SEKIRITE SOSYAL) kòm prèv idantite,**

#### Prèv Sitwayènte Ameriken

An jeneral, ou dwe bay batistè Ameriken ou oswa Paspò Ameriken. Lòt dokiman ou ka bay yo se yon Rapò Konsila ki pou Nesans, Sètifika Sitwayènte, oswa Sètifika Natiralizasyon.

#### Prèv Estati Imigratwa

Ou dwe bay yon dokiman aktyèl ki poko ekspire ke Department of Homeland Security DHS ba ou ki montre estati imigratwa ou, tankou Fòm I-551, I-94, oswa I-766. Si ou se yon etidyan entènasyonal oswa yon vizitè echanj, ou ka bezwen bay lòt dokiman, tankou Fòm I-20, DS-2019, oswa yon lèt otorizasyon pou travay nan men lekòl ak patwon ou (F-1) oswa sipòtè (J-1). Nou PA KAPAB aksepte yon resi ki montre ou te aplike pou dokiman an. Si w pa gen otorizasyon pou w travay Etazini, nou ka ba w yon kat Social Security (Sekirite Sosyal) sèlman si w bezwen nimewo a pou yon rezon valab ki pa travay. Y ap make kat ou a pou montre ou pa ka travay epi si ou travay ak li, n ap fè DHS konnen. Gade nan paj 3, atik 5 pou plis enfòmasyon.

---

PA RANPLI LI. SE PA YON APLIKASYON.
-------------------------------------

---

### KÒMAN POU RANPLI APLIKASYON SA A

---

**Ranpli epi siyen aplikasyon sa a yon fason lizib avèk lank nwa oswa ble SÈLMAN sou fòm ki nan dokiman an oswa telechaje l sou papye 8 ½" x 11" (oswa A4 8.25" x 11.7") sèlman.**

**JENERAL:** Atik ki sou fòm nan eksplike tèt yo oswa yo diskite anba a. Nimewo yo lye ak atik yo nimewote ki nan fòm lan. Si w ap ranpli fòm sa a pou yon lòt moun, tanpri ranpli atik yo jan yo aplike pou moun sa a.

4. Montre mwa, jou, ak ane nesans lan konplè (4 chif) ; pa egzanp, "1998" pou ane nesans.
5. Si w tcheke "Legal Alien Not Allowed to Work" ("Etranje (Alyèn) legal ki pa gen dwa travay") oswa "Other" ("Lòt"), ou dwe bay yon dokiman ki soti nan yon ajans gouvènman federal Ameriken, leta oswa lokal ki eksplike poukisa ou bezwen yon nimewo Social Security (Sekirite Sosyal) ak ou ranpli tout kondisyon pou benefis gouvènman an. REMAK : Pifò ajans yo pa mande pou w gen yon nimewo Social Security (Sekirite Sosyal). Kontakte nou pou wè si ou kalifye pou yon nimewo Social Security (Sekirite Sosyal).
- 6., 7. Se si w le ou bay enfòmasyon sou ras ak etnisite w epi li pa afekte desizyon sou aplikasyon w lan. Nou mande enfòmasyon sa a pou rezon rechèch ak estatistik, pou asire tout kliyan nou yo resevwa tretman jis ak egal.
- 9.B., 10.B. Si w ap aplike pou yon kat Social Security (Sekirite Sosyal) orijinal pou yon timoun ki poko gen 18 lane, ou DWE montre nimewo Social Security (Sekirite Sosyal) paran yo sof si paran an pa t janm bay yon nimewo Social Security (Sekirite Sosyal). Si w pa konnen nimewo a epi ou pa ka jwenn li, tcheke kaz "enkoni" an.
13. Si dat nesans ou montre nan atik 4 la diferan pa rapò ak dat nesans ki sou dosye Social Security (Sekirite Sosyal) ou a kounye a, montre dat nesans ki sou dosye ou a nan atik 13 la epi bay prèv pou sipòte dat nesans ki nan atik la 4.
16. Bay yon adrès kote ou ka resevwa kat ou 7 jiska 14 jou apati kounye a.
17. KI MOUN KI KA SIYEN APLIKASYON AN ? Si ou gen 18 ane oswa plis epi ou fizikman ak mantalman kapab li aki ranpli aplikasyon an, ou dwe siyen nan atik 17. Si ou gen mwens pase 18 ane, ou ka swa siyen pou kont ou, oswa yon paran oswa responsab legal ka siyen pou ou. Si w gen plis pase 18 lane epi w pa ka siyen pou kont ou, yon responsab legal, paran oswa fanmi pwòch ka jeneralman siyen pou ou. Si ou pa kapab siyen non ou, ou ta dwe siyen ak yon mak "X" epi fè de (2) moun siyen kòm temwen nan espas ki akote mak la. Tanpri pa chanje siyati ou a lè w mete plis enfòmasyon sou liy siyati a paske sa ka anile aplikasyon w lan. Rele nou si w gen kesyon sou kiyès ki ka siyen aplikasyon w lan.

---

### KÒMAN POU VOYE APLIKASYON SA ALE

---

Nan pifò ka yo, ou ka pran oswa voye aplikasyon sa a ki siyen ak dokiman w yo nan nenpòt biwo Social Security (Sekirite Sosyal). N ap retounen ba ou nenpòt dokiman ou voye ban nou pa lapòs. Ale <https://secure.ssa.gov/apps6z/FOLO/fo001.jsp> pou jwenn biwo Sekirite Sosyal la oswa Sant Kat Social Security (Sekirite Sosyal) ki travay i nan zòn ou an.

---

PA RANPLI LI. SE PA YON APLIKASYON.

**PWOTEJE NIMEWO AK KAT SOCIAL SECURITY NUMBER (SEKIRITE SOSYAL) OU**

Pwoteje kat SSN ak nimewo w kont pèt ak vòl idantite. PA mache ak kat SSN ou a. Mete l yon kote ki sekirize epi mache ak li sèlman lè w dwe montre kat la ; pa egzanp : pou jwenn yon nouvo travay, louvri yon nouvo kont labank, oswa pou jwenn avantaj nan kèk ajans Ameriken. Pran prekosyon lè w ap bay lòt moun nimewo Social Security (Sekirite Sosyal) ou, sitou pandan demann telefòn, lapòs, imèl ak entènèt ou se pa t ou ki te kòmanse pale avan.

**PRIVACY ACT STATEMENT (DEKLARASYON LWA SOU ZAFÈ PRIVE)**

Koleksyon ak Itilizasyon Enfòmasyon Pèsonèl

Seksyon 205 ak 702 Social Security Act (Lwa Sekirite Sosyal), jan yo modifiye yo, pèmèt nou kolekte enfòmasyon sa yo. Ban i nou enfòmasyon sa yo volontè. Sepandan, si ou pa bay tout oswa yon pati nan enfòmasyon yo, sa ka anpeche nou ba w yon nimewo Social Security (Sekirite Sosyal) epi ba w yon nouvo kat Social Security (Sekirite Sosyal) oswa yon lòt kat Social Security (Sekirite Sosyal).

N ap itilize enfòmasyon ou bay yo pou ba w yon kat Social Security (Sekirite Sosyal) ranplasman. Nou kapab pataje enfòmasyon ou yo tou pou rezon sa yo, ki rele itilizasyon woutin :

- Bay antite Federal, Eta ak lokal pou ede yo nan administre pwogram antretyen revni ak antretyen sante, lè yon lwa Federal otorize yo pou yo itilize nimewo Social Security (Sekirite Sosyal) la ; epi
- Pou elèv ki volontè yo, moun k ap travay anba yon kontra sèvis pèsonèl, ak lòt moun lè yo bezwen aksè ak enfòmasyon ki nan dosye nou yo pou yo ka akonpli devwa ajans yo asiye yo.

Anplis de sa, nou ka pataje enfòmasyon sa yo ann akò ak Privacy Act ak lòt lwa Federal). Pa egzanp : kote yo otorize n fè sa, nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sa yo nan kad pwogram konparezon enfòmasyon yo, kote dosye nou yo konpare ak lòt dosye pou etabli oswa verifye kalifikasyon yon moun pou pwogram avantaj Federal yo ak pou ranbousman dèt ki pa kòrèk oswa ki delenkan anba pwogram sa yo.

Gen yon lis itilizasyon woutin adisyonèl ki disponib nan Privacy Act System of Records Notices (Avi sou Sistèm Dosye Enfòmasyon Prive) (SORN) 60-0058, nou an, ki gen dwa Dosye prensipal ki gen nimewo sekirite sosyal (SSN) ak Aplikasyon SSN, jan yo te pibliye nan Rejis Federal (FR) nan dat 29 desanm. 2010, nan 75 FR 82121. Gen plis enfòmasyon, ak yon lis konplè sou tout SORN nou yo ki disponib sou sitwèb nou an nan [www.ssa.gov/privacy](http://www.ssa.gov/privacy).

**Deklarasyon Paperwork Reduction Act (Deklarasyon Lwa sou Rediksyon)** - Ansanm enfòmasyon sa yo reponn ak egzijans 44 USC§ 3507, jan li amande nan seksyon 2 Paperwork Reduction Act of 1995 (Lwa 1995 sou Rediksyon Papyè). Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo sof si nou afiche yon nimewo kontwòl Office of Management and Budget (Biwo Jesyon ak Bidjè) ki valab Nou estime li pral pran ant 5 ak 60 minit pou li enstriksyon yo, rasanble enfòmasyon yo, epi reponn kesyon yo. **VOYE OSWA POTE FÒM LA RANPLI NAN BIWO SOCIAL SECURITY (SEKIRITE SOSYAL) LOKAL OU A. Ou ka jwenn biwo SOCIAL SECURITY (Sekirite Sosyal) lokal ou a atravè sitwèb SSA a nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Yo jwenn biwo yo tou anba ajans gouvènman Ameriken yo nan anyè telefòn ou oswa ou ka rele SOCIAL SECURITY (Sekirite Sosyal) nan 1-800-772-1213 {TTY 1-800-325-0778}. Ou ka voye kòmantè konsènan estimasyon chaj sa a oswa nenpòt lòt aspè nan koleksyon sa a, ki gen ladan sijesyon pou diminye chaj sa a bay : SSA, 6401 Security Blvd, Baltimore, MD 21235-6401. Voye kòmantè ki gen rapò ak estimasyon tan nou an nan adrès sa a, pa nan fòm ou ranpli a.**

**Aplikasyon pou yon Kat Social Security (Sekirite Sosyal)**

<b>1</b>	<b>NON</b> POU YO METE SOU KAT LA	Non w	Non Mitan	Siyati w
	<b>NON KONPLE OU SI LI DIFERAN AK SA K ANBA</b>	Non w	Non Mitan	Siyati w
	<b>LÒT NON OU ITILIZE</b>			
<b>2</b>	Nimewo Social Security (Sekirite Sosyal) yo te bay moun ki nan lis atik 1 an deja			
<b>3</b>	<b>KOTE OU FÈT</b> (Pa Abreje)	Vil	Eta oswa peyi etranje	Office Use Only (Sèvi ak biwo sèlman) FCI
	<b>4</b>	<b>DAT NESANS</b>		MM/JJ/AAAA
<b>5</b>	<b>SITWAYÈNTE</b> (Tcheke Youn)	<input type="checkbox"/> Sitwayen Ameriken	<input type="checkbox"/> Etranje Legal ki Otorize Travay	<input type="checkbox"/> Etranje legal ki pa gen dwa travay (Gade entstriksyon ki nan paj 3)
<b>6</b>	<b>ETNISITE</b> Èske ou Panyòl oswa Latino ? (Ou reponn si w vle) <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<b>7</b>	<b>RAS</b> Chwazi youn oswa plizyè (Ou reponn si w vle) <input type="checkbox"/> Azyatik	<input type="checkbox"/> Awayen natifnatal <input type="checkbox"/> Alaska natifnatal <input type="checkbox"/> Ameriken
<b>8</b>	<b>SÈKS</b>	<input type="checkbox"/> Gason	<input type="checkbox"/> Fi	<input type="checkbox"/> Lòt (Gade entstriksyon ki nan paj 3)
<b>9</b>	<b>A. NON PARAN/MANMAN W NAN NÈSANS LI</b>	Non w	Non Mitan	Siyati
	<b>B. NIMEWO SOCIAL SECURITY (SEKIRITE SOSYAL) PARAN/SOCIAL SECURITY (SEKIRITE SOSYAL) MANMAN</b> (Gade entstriksyon pou 9B nan paj 3 a)			<input type="checkbox"/> Enkoni
<b>10</b>	<b>A. NON PARAN/PAPA</b>	Non w	Non Mitan	Siyati
	<b>B. NIMEWO SOCIAL SECURITY (SEKIRITE SOSYAL) PARAN/SOCIAL SECURITY PAPA</b> (Gade entstriksyon pou 9B nan paj 3 a)			<input type="checkbox"/> Enkoni
<b>11</b>	Èske moun ki nan atik 1 a oswa nenpòt moun k ap aji nan non li te ranpli pou oswa resevwa yon kat nimewo Social Security (Sekirite Sosyal) avan ? <input type="checkbox"/> Wi (Si se "wi" reponn kesyon 12-13) <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa Konnen (Si se "pa konnen", ale nan kesyon 14 la.)			
<b>12</b>	Non ki sou kat Social Security (Sekirite Sosyal) ki pi resan yo bay moun ki nan atik 1 a	Non w	Non Mitan	Siyati w
<b>13</b>	Antre nenpòt dat nesans diferan si yo te itilize l nan yon aplikasyon pou yon kat avan			MM/JJ/AAAA
<b>14</b>	<b>DAT JODI A</b> MM/JJ/AAAA	<b>15</b>	<b>NIMEWO TELEFÒN POU LAJOUNEN</b>	Aryèkòd Nimewo
<b>16</b>	<b>ADRÈS LAPÒS</b> (Pa Abreje)	Adrès Ri, Apt. No., PO Box, Route Rural No.		
		Vil	Leta/Peyi Etranje	Kòd postal
<b>17</b>	<b>Mwen deklare, anba penalite pou fo temwanyaj, mwen te egzamine tout enfòmasyon ki nan fòm sa a, ak sou nenpòt deklarasyon oswa fom ki akonpaye yo, epi li se verite ak egzak selon sa mwen konnen.</b>			
	<b>SIYATI OU</b>	<b>18</b>	<b>RELASYON OU AK MOUN NAN ATIK 1 SE :</b> <input type="checkbox"/> Pwòp tèt ou <input type="checkbox"/> Paran Natirèl oswa Adoptif <input type="checkbox"/> Responsab legal <input type="checkbox"/> Lòt Espesifye	

DO NOT WRITE BELOW THIS LINE (FOR SSA USE ONLY) PA EKRI ANBA LIY SA A (POU SSA SÈLMAN)							
NPN		DOC	NTI	CAN	ITV		
PBC	EVI	EVA	EVC	PRA	NWR	DNR	UNIT
EVIDENCE SUBMITTED				SIGNATURE AND TITLE OF EMPLOYEE(S) REVIEWING EVIDENCE AND/OR CONDUCTING INTERVIEW			
				DATE			
				DCL DATE			